ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№77 (23.891) ● 2019 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 2, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Хэхыныгъэхэм жыджэру зыхуагъэхьэзыр

«Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм иригъэкIуэкIа зэхуэсым щагъэбелджылащ КЪБР-м и Парламентым и депутат хэхыныгъэхэм хэтынухэмрэ абы ехьэлIауэ зэрылэжьэну программэмрэ.

КЪБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и секретарь **Афэщlагъуэ Михаил** жиIащ депутат хэхыныгъэхэм хэтынухэр къагъэльэгъуэн и пэ, IэIэт зэрыраГъэкIуэкIар.

- Политикэ партхэм ящыщу «Урысей зэкъуэтым» и закъуэщ апхуэдэ лэжьыгъэ езыгъэкIуэкIыр. КъызэгъэпэщакIуэ комитетым тхыгъэ 213-рэ къагъэхьащ, IэIэтым хэтыну пхыкIащ цIыхуи 182-рэ, - жиIащ Афэщlагъуэм. - Абыхэм ящыщ дэтхэнэми и къалэн нэхъыщхьэу щытащ зэпсалъэ-зэдауэм хэтыныр. ИнтернетымкIэ абыхэм къедэIуащ, къеплъащ цIыху мин 400-м щIигъу. Къэбэрдей-Балъкъэрым и хэхыныгъэхэм къеклуэIащ цIыху мин 65-рэ - хэхакIуэхэм я процент 12-м щIигъур. Апхуэдэуи мы гъэм республикэм щIепсоузэм Iэмал яIащ Интернетым и Iэмалкlэ Iэ яIэтыну. Фокладэм и 8-р Урысей Федерацэ псом Iэ щаIэт махуэщ, КЪБР-м и Парламентым унафэ ищIащ депутат хэхыныгъэхэр иригъэкIуэкIыну. Ди щIыналъэ къудамэм къигъэлъэгъуэнухэм я цIэунэцIэр бадзэуэгъуэм и 10 пщIондэ иритын хуейщ КЪБР-м и Хэхакlуэ комиссэм. «КЪБР-м и хэхыныгъэхэм теухуауэ» законым тету, къэдгъэлъэгъуэну дыхуитщ цIыхуи 120-рэ нэхъ мынэхъыбэ, ауэ икIи 35-рэ нэхъ мынэхъ мащIэмэ.

Афэщlагъуэм къыхиГъащащ «Урысей зэкъуэт» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэм и къудамэм и IыкIуэхэр мэкъуауэгъуэм Москва зэрыщыIар, хэхыныгъэхэм зэрыхэтыну программмэр абы утыку къызэрыщрахьар. Партым и унафэщIхэр мурадхэм арэзы техъуащ, а махуэ дыдэм Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым унафэ кIыщтащ «Урысей зэкъуэт» партым къыбгъэдкIыу КЪБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Казбек КЪБР-м и Парламентым и депутату хахынухэм ящыщу къыщагъэльэгъуэным теухуауэ.

Зэхуэсым щагъэбелджылащ КЪБР-м и Парламентым и депутат хэхыныгъэхэм хэтыну цIыхуи 120-рэ. Абыхэм ящыщщ КЪБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ, КЪБР-м и Парламентым и лIыкIуэу УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкlэ и Советым щыIэ Къанокъуэ Арсен, КЪБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ Жанатаев Сэлим сымэ, нэгъуэщI куэди.

Партым и щIыналъэ къудамэм конференцым ыкIощащ зэхыныгъэхэм и пэ къихуэу зэлэжьыну Iуэхуэр, псом хуэмыдэу депутатхэм тегъэщIапIэ ящIыр республикэм зезыгъэужьыну Iэмалхэрщ - мэкъумэш Iэнатlэр, туризмэр, хьэрычэт Iуэху мыинхэр.

Ахэр арэзы техъуащ хэхыныгъэхэм къыщагъэсэбэпыну дамыгъэми.

Зэхыхьэм хэтащ КЪБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ**, КЪБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и унафэщI **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, КЪБР-м и Iэтащхьэм и чэнджэщагъэ **Бозий Натбий**, кIалэ округхэмрэ районхэмрэ я унафэщIхэр.

ЧЭРТЫ Ольгэ.



2019 гъэм фокIадэм и 8-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еханэ зэхуэсыгъуэм и депутатхэр хахынущ

Цыхухэр псыкIэ къыззрызэрагъэпэщым топсэлъыхь

Лэжьыгъэ Iуэхуклэ Шэджэм районым щыщыIам КЪБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Казбек район администрацэхэм я унафэщIхэр къырихьлIэу иригъэкIуэкIащ цIыхухэр зэблэу къыхэмыкIыу псыкIэ къызэрагъэпэщыным теухуа зэIущIэ.

ПСЫР зрикIуэ бжьамийхэм я щытыкIэр къыхэтхыкIыным теухуауэ республикэм и унафэщIым нэхъ япэкIэ къигъэувауэ щыта къалэнхэр гъэзэщIа зэрыхъум къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищIащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - КЪБР-м инфраструктурэмрэ бжьигъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Бэлэтокъуэ Владимир.

ЗэIуцIэм къызэрыщагъэлъэгъуамкIэ, гъэзэщIакIуэ властым и федеральнэ органхэм иджыпсту щыхоплъэ «Псы къабзэ» федеральнэ проектымрэ «Къуажэ щIыналъэхэм комплекснэу зегъэужьыныр» къэрал программэмрэ ялкъ иткIэ республикэм исхэр псыкIэ къызэзыгъэпэщ сетхэр къэгъэщIорэщIэжьын папщIэ бюджет ахьшэ Къэбэрдей-Балъкъэрым хуэзхыным.

Апхуэдэу щыт пэтми, къыхигъэщхьэхукIащ КIуэкIуэ Казбек, а Iуэхур щызэфIэкIыным пэмыплъэу икIэщIыпIэкIэ зэлэжьын Iуэхуэр къуажэ щхьэхуэхэм щыIэщ. КЪБР-м и Iэтащхьм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэм къигъэуващ муниципалитетхэмрэ Правительствэмрэ зэщIыгъуу Iуэхуэм нэхъ жыджэру бгъэдыхьэну икIи жылагъуэхэр псыкIэ къызэрызэрагъэпэщым тэмэму зэтегъэувэным трагъэкIуэдэну ахьшэм и хэкIыпIэхэр яубыхуну.

Цыху 200 зэпеуащ Iуащхьэмахуэ и саугъэтым папщIэ

«Iуащхьэмахуэ и саугъэт» лыжэм дихьэххэм я урысейпсо зэIущIэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щызэхуащIыжащ. Слалом иныморэ слалом къызэрыгуэкIымрэ щызэпеуэн папщIэ Iуащхьэмахуэ лъапэ щызэхуэсат къэралым и щIыналъи 10-м я лIыкIуэу спортсмен 200.

ЦIЫХУБЗХЭР, цIыхухъуэхэр, ныбжьыщIэхэр мэкъуауэгъуэм и 24 - 28-хэм щызэпеуащ «Гара-Баши», «Мир» станцхэм я зэхуакум хуэзэ щыIэм. Слалом иныморэ слалом къызэрыгуэкIымкIэ цIыхубзхэм я деж щытекIуащ Москва областым щыщ Прокопьевэ Александрэ, Москва къалэм къикIа Ткаченкэ Екатеринэ сымэ. ЦIыхухъуэхэм я деж слалом иным Овчинников Алексей, слалом къызэрыгуэкIым Едживевский Антон сымэ текIуэныгъэр къыщахьащ. А тIуми Красноярск щыщщ.

НэхъыщIэ дыдэхэм (илъэс 12 - 13-м итхэм) я деж слалом иным Москва къикIахэу Аржановэ Софьерэ Колунов Ильярэ текIуэныгъэр къыщахьащ. Илъэс 14 - 15 зи ныбжь хъыджэбз цIыкIухэм Сахалиным щыщ Гайдамашук Каринэ, а ныбжь дыдэм ит щIалэ цIыкIухэм я деж Красноярск щыщ Бушмин Иван къыщыхэжаныкIащ.

Слалом къызэрыгуэкIым хиубыдэу къыщыздэжэм илъэс 12 - 13-м ит хъыджэбз цIыкIухэм я деж Мончегорск щыкIа Буланкинэ Юлие, илъэс 14 - 15 зи ныбжьхэм я деж Сахалиным щыщ Артамоновэ Алинэ япэ къыщищащ.

«Спортым и щIымахуэ лIэужьыгъуэхэм дахьэххэм я дежкIэ Iуащхьэмахуэ и гъэмахуэ уэсыр тыгъэ лъапIэщ. Абы Iэмал къет бгы-лыжакIэ къыщажьхь зэманыр мази 10-м нэгъэсыныкIэ. Адэкlэ лэжьыгъэшхуэ екIуэкIынущ илъэс хъурейм бгы-лыжэм дихьэххэм мы курортым къыщажьхьу щIыным хуэгъэзауэ. Иджыпсту щыIэ кIапсэ гъэзгуэмрэ къэжьхьыпIэхэмрэ Iэмал къат мы щыпIэм зэуэ командэ зыбжанэм зыщагъэсэныкIэ», - жеIэ «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» акционер зэгухьэныгъэм и генеральнэ директор ТIымыжь Хьэсэн.

«Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» акционер зэгухьэныгъэм и пресс-Iуэхущlапlэ.

Дызэрыт илъэсыр иухыхьэ республикэм и гъавэ щIапIэхэм ящыщу гектар мин 1,5-м псыщIэгъэльадэ системэхэр щачухуэнущ.

«МЕЛИОРАЦЭМ зегъэубгъуныр» проектым ипкъ иткIэ къаутIыпщыну сом мелуани 112,56-р трагъэкIуэдэнущ нэгъуэщI къэралхэм щIэупщIэ щызэIэ мэкъумэш продукцэ щагъэкIыну хъэсэхэм псы зэрыщIагъэльадэ системэхэр щащIын папщIэ.

КЪБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм къызэритымкIэ, иджыпсту

Мелиорацэм зегъэубгъуным сом мелуани 112-рэ хухах

республикэм вапIэу иIэ псоми я процент 43,5-м (гектар мини 130,7-м) псы щIэгъэлъадэ хъуэнущ. Абыхэм псыр зэрекIуалIэ кIэнауэхэм псори зэхэту километр мини 3 я кIыхьагъщ.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущlапlэ.

ЩIэблэр зыхэпIыкIын хуей Iуэху

● Армэ-2019

Къэралым и щIыпIэ куэдым мы зэманым щокIуэкI «Армэ-2019» гъэлъэгъуэныгъэхэр. Дзэ техникэм, Iэщэфащэхэм, зыхъумэжьныгъэ комплексым и иужьрей екъуалIэныгъэхэм я выставкэ убгъуа иджыблагъэ щекIуэкIащ. Налшык къалэми. Ар къызэригъэпэщащ Урысей Федерацэм ЗыхъумэжьныгъэмкIэ и министерствэм.

ГЪЭПЦIУЭНЫГЪЭР мэкъуауэгъуэм и 28 - 30-хэм щекIуэкIащ Абхъазым и утымрэ «Спартак» стадионым пэгъунэгъу щIыналъэмрэ. Выставкэм хиубыдэу къызэхуэсахэм я нэгу зрагъэужьащ республикэм и эстрадэм и артистхэм, апхуэдэу дзэ подразделенэ щхьэхуэхэм къулыкъу щызыщIэхэм. Езыхэм ябгъэдэлъ зэфIэкIхэр апэ махуэм 346-нэ бригадэ хэхам къулыкъу щызыщIэхэм, етIуанэ махуэм - 31-нэ инженер-саперэ полкым хэтхэм ягъэльэгъащ.

- «Армэ-2019» гъэлъэгъуэныгъэр Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщагъэкIуэкIыр ди республикэм и мызакъуэу, зэрыщыту Кавказ Ищхъэрэм и дежкIи Iэхъушхуэщ, - жиIащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Къардэн Мурат. - Нобэ мыбы щIалэгъуалэр куэду къекIуэлIащ. Мыпхуэдэ Iуэхуэрэщ щIэблэр зыхэпIыкIын хуейр, Хэкур фIыуэ ялъагъуу, абы иригушхуэу щытын папщIэ.

Мы гъэлъэгъуэныгъэр нэхъыбэу зытеухуар ди щIыналъэм къулыкъур щезыхьэкI дзэ частхэмрэ соединенэхэмрэ къызэрызэгъэпэща техникэр, Iэщэ-фащэр Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм егъэльагъуныгъ. Прохладнэ щIыналъэ гарнизоным и унафэщI Стрельцов Вячеслав зэрыжиIамкIэ, Налшык щекIуэкIа гъэлъэгъуэныгъэм утыку къыщрахьащ Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм - МЧС-м, МВД-м, Урысей гвардиемэ, дзэ полицэм, нэгъуэщIхэми къагъэсэбэп Iэщэ-фащэр, тIасхъущIэх техникэ хэхар.

Мыпхуэдэ зэхьыхэшхуэр Налшык иджы япэу щрагъэкIуэкIыу аращ. Япэрей зэхуэсыгъуэу плIыр Москва и Iэшэльашэхэм къыщызэрагъэпэщащ. Ауэ мы гъэм Iуэхум зрагъэубгъуну мурад ящIри, къэралым и адрей щIыналъэхэми щыпсэухэм Iэмал иратащ дзэм и ехьулIэныгъэхэм щыгъуазэ защIыну.

Гъэлъэгъуэныгъэм хеубыдэ фоч, автомат зэмылIэужьыгъуэхэр, дзэм хэтхэм я щыгъынхэр, автомобиль техникэр, дзэм къыщагъэсэбэп нэгъуэщI техникэ лъащIыр. А псори зэралъагъум къыдэкIуэу, цIыхухэр едэIуащ куэд щIауэ къулыкъу зыщIэ зауэлIхэм къалъатэ хьыбар гъэщIэгъуэнхэм. Апхуэдэу махуищым къырибыдэу выставкэм къекIуэлIаxэр щыгъуазэ ящIащ кхъухьлъатэзэхуэ зэрымыс аппарат щхьэхуэхэм я къэлъэтыхьыкIэм, дзэм къыщагъэсэбэп иджырей автомобилхэм я зэфIэкIкIэр.

БГЪЭНОКЪУЭ Санэ.

Нобэрэ пщэдейрэ

Бадзэуэгъуэм и 2, *гъубж*

♦Спорт журналистым и дунейпсо махуэщ. 1924 гъэм бадзэуэгъуэм къызэрагъэпэщащ спортым тетхыхь, тепсэлъыхь журналистхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэр.

♦Кооперативхэм я дунейпсо махуэщ

♦Днепр псым и дунейпсо махуэщ

♦Уфологым и дунейпсо махуэщ

♦Узбекистан Республикэм и къэрал гербыр къыщацта махуэщ

♦Азербайджаным и полицэм и лэжьакIуэхэм я махуэщ

♦1556 гъэм пащтыхь Грозный Иван Астрахань щIыналъэр Урысей къэралыгъуэм хигъэхьащ икIи Астрахань хъаныгъуэр икъутэжащ.

♦1860 гъэм Владивосток къалэкхъухь тедзапIэм и лъабжьэр ягъэтIилъащ. Иджыпсту ар УФ-м и Приморскэ крайм и къалащхьэщ.

♦1964 гъэм «Къэббалъкъгаз» трестыр къызэрагъэпэщащ.

♦1975 гъэм Ростов - Владикавказ гъущI гъуэгум мафIэгуэхэм щызекIуэу щIадзащ.

♦1976 гъэм Вьетнам Социалист Республикэр къызэрагъэпэщащ, Ищхъэрэ, Ипщэ Вьетнамхэр зэгуагъэхьэри. И къалащхьэ Сайгон и цIэр Хошимин жиIэу зэрахъуэжкIащ.

♦1990 гъэм къызэIуахащ КПСС-м и иужьрей, XXVIII, съездыр. Ар бадзэуэгъуэм и 13 пщIондэ екIуэкIащ.

♦ШэрджэсускIуэ **Гъуэщокъуэ Хъусин** къызэралъхурэ илъэси 106-рэ ирокъу.

♦Актрисэ, кинорежиссёр, жылагъуэ-политикэ лэжьакIуэ **Яковлевэ Александрэ** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

♦ЎэрэджыIакIуэ, Борис УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Гурцкая Дианэ** и ныбжьыр илъэс 41-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 28 - 30, жэщым градус 17 - 19 щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 3, *бэрэжьей*

♦ГИБДД-м (ГАИ-м) и лэжьакIуэхэм я махуэщ. ЦIыхубэ комиссархэм я советым ищIа унафэм ипкъ иткIэ 1936 гъэм къызэрагъэпэщащ ГАИ-р.

♦Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэщ

♦Алтай Республикэр къыщыззрагъэпэща махуэщ

♦Хакасие Республикэм и махуэщ

♦Беларусь Республикэм и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ

♦1700 гъэм Константинополь щызэращIыIа мамырыгъэ зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ, Iуэзв (Азов), и Iэгуэблагъэхэри (Таганрог, Павловск, Миус) щIыгъуу, Урысейм и щIыналъэ хъуащ.

♦1841 гъэм инджылыз астроном Адамс Джон хэIущIыIу ищIащ Нептун планетэр къызэригуэтар.

♦1885 гъэм Бенц Карл къигупсыса автомобилыр игъэунэхуащ, абы и зэфIэкIыр зыхуэдэри цIыхухэм яригъэлъэгъащ. Иджы ар дуней псом щыщIэрыIуэ Мерседес-Бенц автомобиль лъэщырщ.

♦1916 гъэм Лондон щызэхэтащ «Титаник» кхъухьыр щIыщIилъэфам и щхьэусыгъуэр щызэхагъэкI судыр. Абы наIуэ зэрыщащIамкIэ, кхъухьыр кIуэрт иныгьын хуей хуабжьагъым фIныуэ щIригъэгъуауэ. Мыл джей абрагъуэр къыщалъэгъуам абы жьэхимыгъэхьэн щхьэкIэ сыт хуэдэ Iэмалри къагъэсэбэпами, ахэр зыкIи къахуэщхьэпакъым икIи игъуэта сэкъатхэм я зэранкIэ хъым щIилъэфащ.

♦1928 гъэм дунейм щыяпэу США-м ящэу щыщIадзащ япэ телевизорхэр. Зым доллар 75-рэ и уасэт.

♦1941 гъэм Сталин Иосиф сmomент цIыхубэм радиокIэ захуигъэзащ, Хэкур хъумэжьным къыхузэщIэтэджэнхэу къыхуриджэу.

♦1944 гъэм Белоруссием и къалащхьэ Минск нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакIуэхэм къыIэщIагъэкIыжащ.

♦1957 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УказкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Ленин орденыр етIуанэу къыхуагъэфэщащ.

♦1991 гъэм РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм унафэ кIыщтащ Адыгей, Къэрэшей-Шэрджэс, Горно-Алтай, Хакасие автоном областхэр Адыгэ Республикэ, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэ, Алтай Республикэ, Хакасие Республикэ жиIэу зэхуэхьэсыкIыным теухуауэ.

♦1996 гъэм Ельцин Борис УФ-м и Президент къулыкъум етIуанэ пIалъэми тетыну хахьжащ.

♦Совет режиссёр, Урысей Федерацэм гъэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Эфрос Анатолий** къызэралъхурэ илъэс 94-рэ ирокъу.

♦США-м щыщ актёр, режиссёр, продюсер икIи оценарист **Круз Том** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.

♦Актёр, УФ-м и цIыхубэ артист **Серебряков Алексей** и ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 30 - 32-рэ, жэщым градус 19 - 20 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Хабзэ здэщымыIэм зэгурыIуи щыIэкъым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2019 гъэм мазаем и 4-м къыдигъэкIа Унафэ №13-ПП-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукъ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2019 гъэм накъыгъэм и 27-м ***Налшык къалэ*** ***№90-ПП***

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ щII**:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2019 - 2021 гъэхэм ятещIыхьа и Гъуэгу фондым и ахъшэр къызэрагъэсэбэпыну унэтIыныгъэхэм яхуэгъэзауэ зытрагуашэм и Iуэхукъ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2019 гъэм мазаем и 4-м къыщта Унафэ №13-ПП-м халъхь зэхъуэкIыныгъэхэр къэштэн унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ КIЭРЭФ Мурат

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и турист-рекреацэ комплексым зегъэужьыным» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукъ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2019 гъэм накъыгъэм и 27-м ***Налшык къалэ*** ***№91-ПП***

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ щII**:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и турист-рекреацэ комплексым зегъэужьыным» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм мэкъауэгъуэм и 28-м къыдигъэкIа Унафэ № 183-ПП-мкIэ къыщтам, халъхь зэхъуэкIыныгъэхэр къэштэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ КIЭРЭФ Мурат.

Сабийхэм ядэIэпыкIуным теухуа республикэпсо щэбэт щIыхьэху егъэкIуэкIыным и Iуэхукъ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2019 гъэм накъыгъэм и 27-м ***Налшык къалэ*** ***№92-ПП***

Хуэмыщ1ауэ псэу унагъуэхэм, сабий куэд зэрыс унагъуэхэм, дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэ унагъуэхэм ящыщу республикэм и курыт еджапIэхэм щIэсхэм социальнэ дэIэпыкъуныгъэ етын мурадкIэ 2019 - 2020 гъэ еджагъуэщIэм и пэ къыхуэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ щII**:

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Профсоюз организацэхэм я зэгучъэныгъэ» союзым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЦIыхубзхэм я союз» щIыналъэ жылагъуэ зэгучъэныгъэм, лэжьакIуэ гупхэм я жэрдэмыр ядэIыгъын икIи сабийхэм ядэIэпыкъуным хуэгъэзэ республикэпсо щэбэт щIыхьэху 2019 гъэм мэкъуауэгъуэм и 15-м егъэкIуэкIын.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал органэхэм, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органэхэм, мылъкур зыIэщIэлъым емылъытауэ, организацэ псоми чэнджэщ етын сабийхэм ядэIэпыкъуным теухуа республикэпсо щэбэт щIыхьэхум хэтыну икIи зы махуэ лэжьапщIэр республикэпсо щэбэт щIыхьэхум и фондым халъхьэну.

3. Сабийхэм ядэIэпыкъуныжкIэ республикэпсо щэбэт щIыхьэхум хэтхэм ящыщу дэтхэнэми ельытыгъэкIэ къыхилъхьэ ахъшэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым «Урысей Федерацэм и бюджет IэнатIэм Федеральнэ казначействэм и органэхэм трагуашэ хэхъуэхэр» счет 40101810100000010017-м «Урысей Федерацэм и субъектхэм я бюджет ахъшэр зыхухаахэм цIыху щхьэхуэхэм къыхалхьэ ахъшэу яIэрыхьэр код 961 20702020000150-мкIэ халъхьэ сабий зэрыс унагъуэхэм ящыщу нэхъ хуэныкъуэхэм иратын папщIэ.

4. Муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я администрацэхэм чэнджэщ етын:

зи ныбжьыр школ кIуэгъуэмит сабийхэм (сабий зеиншэхэм, адэ-анэм я жьауэм щIэмытыжу къэна сабийхэм, сабий ныкъуэ дыкъэхэм. Унагъуэ хуэмыщIахэм ящыщ сабийхэм я адэ-анэхэм, (сабийхэр зыпIыжхэмрэ абыхэм якIэлъыплъхэмрэ) ящыщу ахъшэ зратныгъэм я спискэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэм Iэрыгъэхъэныр къызэрагъэпэщыну;

ахъшэр зэрызэхуахьэсымрэ дэIэпыкъуныгъэ зыхуахэхэм ятеухуа информацэр и зэманым зэрыратымрэ хуэгъэзэ кIэлъыплъыныгъэр зэтрагъэувэну.

5. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэм и пщэ илъхьэн муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щIыналъэ администрацэхэм хъата спискэхэм якIэ ирагъэкIуэн. Абдежым дэ дащыхуэзащ а Iэнатlэм и унафэщI Тегаев Рэмэзан зи пашэ гупым, кварц абджым кхъяжщIыкIа, Iэпхъаным хуэдэу шыхьа, зи кIуэцIым жьыи псыи мыкIуэу нэщI бжьамий псыгъуэ цIыкIУм и джабгъэм ялъэмыIэсу, зэщIэуэзда мэскъалхэм зэрызыщагъаззэр къэпщытэным ехьэлIа я зи чэзу лэжьыгъэм зыхуагъахьэзыру.

А лъэхъэнэм зи гугъу тщIы а эффектым ар къэзыхутамрэ елэжьхэмрэ кэщIыщIэмэ ящыщ нэгъуэщI кэщIыщIэзыри щыгъуазэтэкъыми, Мурадин щабэу къызэлъэIуащ а махуэм абдежым щысльэгъуа «тельыджр» зыми хуэзмыIуэтэжыну.

Зихуэдэ щымыIэ Къумахуэ Мурадин

● Фэеплъ

Сэ, Къумахуэм жесIащ, «щыхьэт» сызытехъуахэм ехьэлIауэ зыгуэрхэм зызгъэщIагъуэу сепсэлъэпэнымι, сльэгъуам и мыхьэнэр сэркIэ Iупщ1 дыдэу зызщымытыр. Ауэ икIи къэзгъэгугъащ, а Iа зэхуэзэр сызыщрихьэлIаэр, езыхэм утыку кърамыльхьауэ, нэгуэщIхэм я хуэзмыIуэтэжыну.

Ноби си нэгу щIэтщ Iэльъыным хуэдэу шыхьа, си кукъу-зэпрыур (диаметрыр) сантиметр 25-рэ фIэкIа мыхъу, си кIуэцIыр вакуум бжьамий псыгъуэ цIыкIум си фэр щIыхурэ узримыкIэплъу Iупщ1у къэщIыунэхуа бзиймрэ я зыльэгъуа, ягъэщIагъуэу абы тепсэльыхьыж щIэныгъэлIхэмрэ я теплъэр.

Къумахуэр нэхъапэм си яужь ита, прикладной мыхьэнэ зиIэ Iуэху бгъэдыхьэкIэхэм къапэрыкIыжри, 2009 гъэм къащIыщIэдзауэ, фундаментальнэ физикэм и унэтIныгъэ нэхъещIыхэм зритыжат.

Зэманым къызэригъэлъагъуэмкIэ, Мурадин а унэтIныгъэмι ехьэлIэныгъэхэр щиIащ. Псом япэрауэ, абы хьихутащ вакуум бжьамий псыгъуэ цIыкIум и джабгъэм ялъэмыIэсу электронхэмрэ протонхэмрэ зэрызыщагъаззэр, абы щыгъуэми электро-мальхъэдис къару гуэри а Iуэхум хамыгъэхьэу. КъищынэмыщIауэ, Къумахуэм лэжьыгъэхэр иригъэкIуэкIащ а эффектыр ядернэ технологиехэм, зэщIэуэзда мэскъалхэр езыхужьэ техникэм, импульсыр зи тегъэщIапIэ энергетикэм, электроникэм и IэнатIэу нэхъ зэрыхъуну щIыкIэхэр къигъэлъагъуэу.

2013 гъэм «Физикэм егъэщIылIа техникэ» ящыкIам Къумахуэ Мурадинрэ Тегаев Рэмэзанрэ зэгъуэгу къытрагъэдзауэ щыта я тхыгъэм а къэхутэныгъэр щIэныгъэмрэ техникэмкIэ унэтIныныгъэ куэдым къызэрыщыбгъэсэбэныфынум ехьэлIа псальэхэм ущрохьэлIэ. Апхуэдэу, УФ-м и патентхэу, 2011 гъэм мэкъуаэгъуэм и 8-м къыхуагъэфэща, зи №2462009-мрэ иужьрейуэ кърата адрей тIуымрэ ятрируха и тхыгъэхэм Къумахуэм къыщребжэкI зи гугъу ящI эффектыр щIэгъэкъуэн щыхъуну къилъытэ IэнатIэхэр сыт хуэдэхэр арами: минихоллайдер пудхэр щагъэхъэзыркIэ, зэщIэуэзда мэскъалхэр езыхужьэ, и лъэщагъкIэ инхэм къакIэрымыху Iэмэпсымэ щыкIуэр щаухуэкIэ, радиочастотахэм я дек къыщыщIэдзауэ рентген, гаммэ-бзийжэм нэсыху къызэщIэзыуфыбдэ спектрым и диапазонэр зыIыгъ, узыхуеймкIэ бгъазэ хъу электрон бзийжэр къыхэзыуТIыпщыкI IэмэпсымэщIэхэу зи лъэщагъкIэ иджыри къыздэсым къаГъэсэбэп синхротрон абразгъуэхэм ефIэкIхэр щагъэхъэзыркIэ, нэгъуэщIхэми.

Зи гугъу тщIы эффектыр къыщыбгъэсэб хъуну унэтIныныгъэхэм ящыщу, Мурадин гупльитэ хэха нэхъ зыхуищIу щытар термоядернэ синтезым и егъэкIуэкIыкIэм (УТС) пыща Iуэху нэхъ гугъу дыдэхэу илъэс 70-м нэблэгъакIэ физикэ щIэныгъэм щагъэзэхэмыгъэкI икIи доллар мелард пщIы бжьыгъэхэр зытрагъэкIуэдахэрщ.

Сыт атIэ, термоядернэ синтезым и егъэкIуэкIыкIэр зы мардэ гуэрым игъуэвэныр апхуэдизу гугъу зыщIыр? Швед физик Айвен Ханнес, магнито-гидродинамикэ IэнатIэм зыми хуумыгъэдэну щригъэкIуэкIа и Iуэхэм я пажэм къапэкIуэу, 1970 гъэм Нобель и саугъэтыр зратам, къызэрильытэмкIэ, а лъэпощхьэпом я щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр къыщылъыхъуэн хуейр псоми къызэдащта теоретикэ физикэм и Iэмал къудейхэмкIэ плазмэр зищIысыр зэрызэхэгъэкIыгъуейрщ, абы къыхэкIыри ар щIэныгъэлIхэм «къаззрыхуэмыгъэIуры-щIэрщ».

Ауэ, зыми зэримыгугъауэ, щIэныгъэлI цIэрыIуэ Къумахуэ Мурадин нэгъуэщI Iуэху еплъыкIэ-бгъэдыхьэкIи къыгъэлъэгъуащ. Ар сыт жыпIэмэ, термоядернэ синтезым и егъэкIуэкIыкIэр (УТС) зы мардэ гуэрым игъэувэным илъэс куэд щIауэ яужь ит физикэм, плазмэр «зыщагъэгъупщэн» зэрыхуейм зэрыгъэгъугъэщэн» зэрыхуейм зэрыгъэгъугъэщыжьыныхьарщ.

2014 гъэм Къумахуэ Мурадин, езыр дунейм екIыжьым тхьэмахуищ фIэкIа имыIэжу, профессор Шыхъуэстэн Владимир зэрызыхуигъэзауэ щыта, «Бзий Iэрамэхэм я зэхуэзэпIэм къыщыхъу термоядернэ синтез» зыфIиIуа, напэкIуэцIитху фIэкIа мыхъу и тхыгъэм къыщрибжэкIащ термо УТС-м и егъэкIуэкIыкIэр убзыхуным ехьэлIауэ езым и Iуэху еплъыкIэм пыща унэтIныныгъэхэр зыхуэдэр.

Къумахуэм 2013 гъэм фокIащ и 4-м кърата, УФ-м и патент №2546960-м къыщыгъэлъэгъуа а и къэхутэныгъэщIэм теухуа и дофтэр тхьилъхэр США-ми Китаими ирагъэхьауэ щытащ, ауэ яхуэфащэ патентхэр а къэралхэм щыпхагъэкIари хьэзыр щыхьэуари езы Мурадин дунейм ехьжа иужькIэщ.

«Япэрауэ, - дыкъыщоджэ Мурадин ищхьэкIэ зи гугъу щытщIа и тхыгъэу Шыхъуэстэн Владимир хуигъэхьауэ щытам, - дэ плазмэм дыхуэмеижу догъэув. Ар дэ иджыри къызэдсым къытхуэгъэIурыщIакъым, дызэрыщыгугъауи тхуэзтелыгъакъым. Дэ къэдгъэсэбэпынур куэд щIауэ дызыщыгъуазэ ион Iэрамэхэм я закъуэщ. Ахэр дызыхуеймкIэ тхуеIуэнтIэкIынущ, ябгъуэкIэ къыщыдгъэхъу электро-мальхъэдис гущIыгъуэм къызыкIуих и къарур къедгъэныкъуэкъуэкIэрэ. Араущи, мыбдежым дызыпэмыплъа гуэри къыщыхъунукъым.

ЕтIуанэрауэ - зэщIэуэзда мэскъалхэр зэтетIыгъэн папщIэ, дэ щIэгъэкъуэн тщIыр езы щIыуэпсым къигъэщI хабзэ электрозарядхэрщ, армыхъуамэ, уасэшхуэ зытекIуадэ сверхпроводникхэмрэ малъхъэдис губгъуэхэмрэкъым. КъимыдэкIэ, дэ къэдгъэсэбэпынухэм къызыкIуах къарур куэдкIэ нэхъ инщ, цIыхухэм гугъу зрагъэхьу зрагъэпэщ ухуэныгъэ абрагъуэхэм яхуэзэфIэкIым нэхърэ. А Iуэхум зэрыщыту зрегъэхъуэж илъэс 60-м щIигъкIэ УТС-м худиIа Iуэху еплъыкIэ-бгъэдыхьэкIэм.

Ещанэрауэ - ищхьэкIэ къэдгъэлъэгъуа IуэхугъуитIыр ди тегъэщIапIэу духуэну термоядернэ реакторыр, апэрейхэм елъытауэ, и хьэлъагъкIэ икъукIэ псынщIэу икIи Iэрыхуэу щытынущ, и зэгъэпэщынкIи мылъку куэд текIуэдэнукъым. Апхуэдэ «Iэмэпсымэм» къыдитыну электрокъарум и уасэри куэдкIэ нэхъ мащIэнущ. А щыкIэм тету дэ тхузэгъэпэщынщ термоядернэ реакторхэу зи лъэщагъыр кIуноватт пщIы бжьыгъэм фIэмыкIхэри мегаватт мин Iэджж къэзыгъэIурыщIэхэри».

Къумахуэ Мурадин ищхьэкIэ зи гугъу щытщIа и тхыгъэр мы псальэхэмкIэ еух: «Къыхэдгъэщынщи, Нобель саугъэт зратахэм ящыщ зым (хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, ар Физикэм егъэщIылIа техникэмкIэ журналым и редактор нэхъыщхьэ Алферов Жоресщ – Б. А.) къыжиIащ, мы ди лэжьыгъэу а журналым къыщытрадзахэр Урысейм атомнэ лагъым къызэрыщагупсысауэ щытам иужькIэ мыхьэнэ нэхъ ин дыдэ щызиIэнухэм ящыщу».

Къумахуэ Михаил Хьид и къуэм куэдэр игу къеГъэкIыж Мурадин дунейм екIыжьым иужь къихуэу жиIауэ щыта мы и псальэхэр: «Мишэ, мы зэманым сызыпэрыхьам и мыхьэнэр апхуэдизу инщи, альэндэрэ зи ящ ягъ сита псори абы зэрыхуэбгъэдэни зэрылъэщIыхьэни щыIэкъым».

АтIэ, Мурадин и иужьрей теорие къэхутэныгъэхэм къарикIуэнухэм ЩIы хъурейр энергетикэ и лъэныкъуэкIэ зыхэт бэлыхьым, дяпэкIи нэхъыбжэу зыхэхуэнкIэ хъуну гугъуехьхэм кьыхашынымкIэ гугъэ зэрищIамкIэ щыуауэ пIэрэт, хьэмэрэ, щIэныгъэлI гъуэгэжджэр аргуэру, и япэ къэхутэныгъэхэми ещхьу, щIепсэуа лъэхъэнэм япэ ища? СызэреплъымкIэ, а упщIэм и жэуапыр нэгъэсауэ къыщыдгурыIуэнур зэман дэкIа иужькIэщ.

Мы си тхыгъэм и кIэухыу, сыхуейт къыжьисIэну а еджагъэшхуэ акъылыпIэ дыдэр, щIэныгъэм и къызэгъэпэщакIэ Iэзэр икIи къэхутэныгъэ инхэр езыгъэкIуэкIам и фэеплъ нэхур мыкIуэдыжьын езыр къыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрым щащIыным сызэрыщыгугъыр. Урысейм абы и лъэныкъуэкIэ щызекIуэ хабзэм икIи иткIэ, апхуэдэ Iуэху ягъэзащIэ, цIыхур дунейм зэрехьыжэ илъэси 5 иригъэкIуа иужькIэ.

БЭРАУ Артур,
физико-математикэ щIэныгъэхэм я кандидат.
Москва къалэ.

Махуэ зыбжанэ ипэкIэ илъэситху ирикъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрми, СССР-у щыта къэрал абрагъуэми, Урысей Федерацэми къыщалъыта икIи а щIыналъэхэм я цIэхэр фIыкIэ зыгъэIуа ди лъэхъэгъу, физик щэджащэ Къумахуэ Мурадин Iэбубэчыр и къуэр дунейм екIыжьырэ. Абы и къэхутэныгъэу 4-м ящыщу тIур нэгъуэщI къэралхэм къыщыдэкIа журналхэм ихуащ, «Къумахуэм и бзий», «Къумахуэм и оптикэ» фIэщыгъэхэр яIэу.

СССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и академием, Курчатов Игорь и цIэр зезыхьэм, и президент, атом энергетикэмкIэ институтым и тхьэмадэ, академик Александров Анатолий езыр зи пашэ а Iуэхущ1апIэм 1979 гъэм иригъэблагъэуэ щытащ Москва и къэрал университетым и лэжьакIуэ пажэ, профессор Къумахуэр. Абы ар ириджат, электромагнит зэхьэхэуэныгъэхэм къахэбзиикI пкъыгъуэхэр джыныжкIэ лабораторэу къызэIуихагъащIэм и унафэщIу игъэувыну, абы къыдэкIуэуи хуит ищIат абдежым къыщыдэлэжьэну цIыхухэр езым къыхихыжыну. Мурадин и пщэ къралъхьащ езым и цIэр зэрихьэу «Къумахуэм и эффект» зыфIаща электрон бзийхэм я «шыфэлIыфIэр» зыхуэдэр джыныжкIэ аменэрэкъым датеж1ыжьэн, ягъэдищыжькIи къалэныр.

Сэ Мурадин ягъэ дыдэу сыщIрикьэлIар 2011 гъэм и гъэмахуэрщ - США-м сыкъикIыжу, си зи чэзу зыгъэпсэхугъэр Москва щисхьын мурадыр сиIэу, сыкъыщыкIухьэжащ. А ди зэхуэзэр кIыхугъэзэщIагъэ, езыхэм утыку кърамыльхьауэ, нэгуэщIхэм я хуэзмыIуэтэжыну.

Ноби си нэгу щIэтщ Iэльъным хуэдэу шыхьа, си кукъу-зэпрыур (диаметрыр) сантиметр 25-рэ фIэкIа мыхъу, си кIуэцIыр вакуум бжьамий псыгъуэ цIыкIум си фэр щIыхурэ узримыкIэплъу Iупщ1у къэщIыунэхуа бзийм зэрыгъэгъуа, ягъэщIагъуэу абы тепсэльыхьыж щIэныгъэлIхэмрэ я теплъэр.

Къумахуэр нэхъапэм си яужь ита, прикладной мыхьэнэ зиIэ Iуэху бгъэдыхьэкIэхэм къапэрыкIыжри, 2009 гъэм къащIыщIэдзауэ, фундаментальнэ физикэм и унэтIныныгъэ нэхъещIыхэм зритыжат.

Зэманым къызэригъэлъагъуэмкIэ, Мурадин а унэтIныныгъэмι ехьэлIэныгъэхэр щиIащ. Псом япэрауэ, абы хьихутащ вакуум бжьамий псыгъуэ цIыкIум и джабгъэм ялъэмыIэсу электронхэмрэ протонхэмрэ зэрызыщагъаззэр, абы щыгъуэми электро-мальхъэдис къару гуэри а Iуэхум хамыгъэхьэу. КъищынэмыщIауэ, Къумахуэм лэжьыгъэхэр иригъэкIуэкIащ а эффектыр ядернэ технологиехэм, зэщIэуэзда мэскъалхэр езыхужьэ техникэм, импульсыр зи тегъэщIапIэ энергетикэм, электроникэм и IэнатIэу нэхъ зэрыхъуну щIыкIэхэр къигъэлъагъуэу.

2013 гъэм «Физикэм егъэщIылIа техникэ» ящыкIам Къумахуэ Мурадинрэ Тегаев Рэмэзанрэ зэгъуэгу къытрагъэдзауэ щыта я тхыгъэм а къэхутэныгъэр щIэныгъэмрэ техникэмкIэ унэтIныныгъэ куэдым къызэрыщыбгъэсэбэныфынум ехьэлIа псальэхэм ущрохьэлIэ. Апхуэдэу, УФ-м и патентхэу, 2011 гъэм мэкъуаэгъуэм и 8-м къыхуагъэфэща, зи №2462009-мрэ иужьрейуэ кърата адрей тIуымрэ ятрируха и тхыгъэхэм Къумахуэм къыщребжэкI зи гугъу ящI эффектыр щIэгъэкъуэн щыхъуну къилъытэ IэнатIэхэр сыт хуэдэхэр арами: минихоллайдер пудхэр щагъэхъэзыркIэ, зэщIэуэзда мэскъалхэр езыхужьэ, и лъэщагъкIэ инхэм къакIэрымыху Iэмэпсымэ щыкIуэр щаухуэкIэ, радиочастотахэм я дек къыщыщIэдзауэ рентген, гаммэ-бзийжэм нэсыху къызэщIэзыуфыбдэ спектрым и диапазонэр зыIыгъ, узыхуеймкIэ бгъазэ хъу электрон бзийжэр къыхэзыуТIыпщыкI Iэмэпсымэщ1эхэу зи лъэщагъкIэ иджыри къыздэсым къаГъэсэбэп синхротрон абразгъуэхэм ефIэкIхэр щагъэхъэзыркIэ, нэгъуэщIхэми.

Зи гугъу тщIы эффектыр къыщыбгъэсэб хъуну унэтIныныгъэхэм ящыщу, Мурадин гупльитэ хэха нэхъ зыхуищIу щытар термоядернэ синтезым и егъэкIуэкIыкIэм (УТС) пыща Iуэху нэхъ гугъу дыдэхэу илъэс 70-м нэблэгъакIэ физикэ щIэныгъэм щагъэзэхэмыгъэкI икIи доллар мелард пщIы бжьыгъэхэр зытрагъэкIуэдахэрщ.

Сыт атIэ, термоядернэ синтезым и егъэкIуэкIыкIэр зы мардэ гуэрым игъуэвэныр апхуэдизу гугъу зыщIыр? Швед физик Айвен Ханнес, магнито-гидродинамикэ IэнатIэм зыми хуумыгъэдэну щригъэкIуэкIа и Iуэхэм я пажэм къапэкIуэу, 1970 гъэм Нобель и саугъэтыр зратам, къызэрильытэмкIэ, а лъэпощхьэпом я щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр къыщылъыхъуэн хуейр псоми къызэдащта теоретикэ физикэм и Iэмал къудейхэмкIэ плазмэр зищIысыр зэрызэхэгъэкIыгъуейрщ, абы къыхэкIыри ар щIэныгъэлIхэм «къаззрыхуэмыгъэIуры-щIэрщ».

Ауэ, зыми зэримыгугъауэ, щIэныгъэлI цIэрыIуэ Къумахуэ Мурадин нэгъуэщI Iуэху еплъыкIэ-бгъэдыхьэкIи къыгъэлъэгъуащ. Ар сыт жыпIэмэ, термоядернэ синтезым и егъэкIуэкIыкIэр (УТС) зы мардэ гуэрым игъуэвэным илъэс куэд щIауэ яужь ит физикэм, плазмэр «зыщагъэгъупщэн» зэрыхуейм зэрыгъэгъугъэщэн» зэрыхуейм зэрыгъэгъугъэщыжьыныхьарщ.

2014 гъэм Къумахуэ Мурадин, езыр дунейм екIыжьым тхьэмахуищ фIэкIа имыIэжу, профессор Шыхъуэстэн Владимир зэрызыхуигъэзауэ щыта, «Бзий Iэрамэхэм я зэхуэзэпIэм къыщыхъу термоядернэ синтез» зыфIиIуа, напэкIуэцIитху фIэкIа мыхъу и тхыгъэм къыщрибжэкIащ термо УТС-м и егъэкIуэкIыкIэр убзыхуным ехьэлIауэ езым и Iуэху еплъыкIэм пыща унэтIныныгъэхэр зыхуэдэр.

Къумахуэм 2013 гъэм фокIащ и 4-м кърата, УФ-м и патент №2546960-м къыщыгъэлъэгъуа а и къэхутэныгъэщIэм теухуа и дофтэр тхьилъхэр США-ми Китаими ирагъэхьауэ щытащ, ауэ яхуэфащэ патентхэр а къэралхэм щыпхагъэкIари хьэзыр щыхьэуари езы Мурадин дунейм ехьжа иужькIэщ.

«Япэрауэ, - дыкъыщоджэ Мурадин ищхьэкIэ зи гугъу щытщIа и тхыгъэу Шыхъуэстэн Владимир хуигъэхьауэ щытам, - дэ плазмэм дыхуэмеижу догъэув. Ар дэ иджыри къызэдсым къытхуэгъэIурыщIакъым, дызэрыщыгугъауи тхуэзтелыгъакъым. Дэ къэдгъэсэбэпынур куэд щIауэ дызыщыгъуазэ ион Iэрамэхэм я закъуэщ. Ахэр дызыхуеймкIэ тхуеIуэнтIэкIынущ, ябгъуэкIэ къыщыдгъэхъу электро-мальхъэдис гущIыгъуэм къызыкIуих и къарур къедгъэныкъуэкъуэкIэрэ. Араущи, мыбдежым дызыпэмыплъа гуэри къыщыхъунукъым.

ЕтIуанэрауэ - зэщIэуэзда мэскъалхэр зэтетIыгъэн папщIэ, дэ щIэгъэкъуэн тщIыр езы щIыуэпсым къигъэщI хабзэ электрозарядхэрщ, армыхъуамэ, уасэшхуэ зытекIуадэ сверхпроводникхэмрэ малъхъэдис губгъуэхэмрэкъым. КъимыдэкIэ, дэ къэдгъэсэбэпынухэм къызыкIуах къарур куэдкIэ нэхъ инщ, цIыхухэм гугъу зрагъэхьу зрагъэпэщ ухуэныгъэ абрагъуэхэм яхуэзэфIэкIым нэхърэ. А Iуэхум зэрыщыту зрегъэхъуэж илъэс 60-м щIигъкIэ УТС-м худиIа Iуэху еплъыкIэ-бгъэдыхьэкIэм.

Ещанэрауэ - ищхьэкIэ къэдгъэлъэгъуа IуэхугъуитIыр ди тегъэщIапIэу духуэну термоядернэ реакторыр, апэрейхэм елъытауэ, и хьэлъагъкIэ икъукIэ псынщIэу икIи Iэрыхуэу щытынущ, и зэгъэпэщынкIи мылъку куэд текIуэдэнукъым. Апхуэдэ «Iэмэпсымэм» къыдитыну электрокъарум и уасэри куэдкIэ нэхъ мащIэнущ. А щыкIэм тету дэ тхузэгъэпэщынщ термоядернэ реакторхэу зи лъэщагъыр кIуноватт пщIы бжьыгъэм фIэмыкIхэри мегаватт мин Iэджж къэзыгъэIурыщIэхэри».

Къумахуэ Мурадин ищхьэкIэ зи гугъу щытщIа и тхыгъэр мы псальэхэмкIэ еух: «Къыхэдгъэщынщи, Нобель саугъэт зратахэм ящыщ зым (хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, ар Физикэм егъэщIылIа техникэмкIэ журналым и редактор нэхъыщхьэ Алферов Жоресщ – Б. А.) къыжиIащ, мы ди лэжьыгъэу а журналым къыщытрадзахэр Урысейм атомнэ лагъым къызэрыщагупсысауэ щытам иужькIэ мыхьэнэ нэхъ ин дыдэ щызиIэнухэм ящыщу».

Къумахуэ Михаил Хьид и къуэм куэдэр игу къеГъэкIыж Мурадин дунейм екIыжьым иужь къихуэу жиIауэ щыта мы и псальэхэр: «Мишэ, мы зэманым сызыпэрыхьам и мыхьэнэр апхуэдизу инщи, альэндэрэ зи ящ ягъ сита псори абы зэрыхуэбгъэдэни зэрылъэщIыхьэни щыIэкъым».

АтIэ, Мурадин и иужьрей теорие къэхутэныгъэхэм къарикIуэнухэм ЩIы хъурейр энергетикэ и лъэныкъуэкIэ зыхэт бэлыхьым, дяпэкIи нэхъыбжэу зыхэхуэнкIэ хъуну гугъуехьхэм къыхашынымкIэ гугъэ зэрищIамкIэ щыуауэ пIэрэт, хьэмэрэ, щIэныгъэлI гъуэгэжджэр аргуэру, и япэ къэхутэныгъэхэми ещхьу, щIепсэуа лъэхъэнэм япэ ища? СызэреплъымкIэ, а упщIэм и жэуапыр нэгъэсауэ къыщыдгурыIуэнур зэман дэкIа иужькIэщ.

Мы си тхыгъэм и кIэухыу, сыхуейт къыжьисIэну а еджагъэшхуэ акъылыпIэ дыдэр, щIэныгъэм и къызэгъэпэщакIэ Iэзэр икIи къэхутэныгъэ инхэр езыгъэкIуэкIам и фэеплъ нэхур мыкIуэдыжьын езыр къыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрым щащIыным сызэрыщыгугъыр. Урысейм абы и лъэныкъуэкIэ щызекIуэ хабзэм икIи иткIэ, апхуэдэ Iуэху ягъэзащIэ, цIыхур дунейм зэрехьыжэ илъэси 5 иригъэкIуа иужькIэ.

БЭРАУ Артур,
физико-математикэ щIэныгъэхэм я кандидат.
Москва къалэ.

● Зыгъэсэныгъэ

Къэхъукъащ1эхэм хуэхьэзырхэр

«Тхьэмыщкlагъэ» зылъэIэса объектым теухуауэ хьэрыфхэр зэманкIэ щIыщым кърибыдэу а щIыпIэм хъсами, лыгъэм зиубгъуат, ихъуреягъкIи Iугъуэм зэщIищтат, уэзрыщIэкIуэфыни уэзрыщIэбэуэфыни щIымыIэу. Абы къыхэкIыуи Iэщ1агъэлIхэм къагъэсэбэпын хуей хъуащ, цIыхум и нэри, и пэри, и щIыфэри мафIэм ящыщыхъумэ Iэмэпсымэхэмрэ щIигъынхэмрэ.

МафIэсгъэункIыфI гупхэм, зым адрейм зэрызыщIигъэкъуам и фIыгъэкIэ, «лыгъэр» ягъэкIуэсжащ, гугъу зэрыдехьыщаи щымыIэу, зэманышхуи ирамыгъэхьу.

Ащхьэкlэ къызэрыхьэсащ Адэлбий и гъащIэмрэ гуащIэмрэ теухуа тхыгъэхэр, очеркхэр, къыщIэлажьу, и ныбжьэгъуу щытахэм я гукъэкIыжхэр. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, Къэрмокъуэ Хьэмид, Къэжэр Иннэ, Къаныкъуэ Заринэ, Къъуэлуфэ Хьэчим, Къэрмокъуэ Мухьэмэд, Къэжэр Хьэмид, Елгъэр Кашиф, Къагъыримэс Борис, Тхьэмокъуэ Барэсбий, Мэзыхьэ Борис сымэ, нэгъуэщIхэми ятхар. КъищынэмыщIауэ, тхьилъым къыщыхьащ тхакIуэм и Iэдакъэщ1экI усэхэмрэ сабийхэм папщIэ хъыбархэмрэ. Мыхэр псори адыгэбзэкIэ урысыбзэкIи итщ тхьылъым. Усэхэр урысыбзэм изыгъэзэгъар Стрелковэ Викториещ, хьыбархэр зэзыдзэкIар Мэлбахъуэ Елбэрдэр Мэремкъуэ Ларисэрэщ. Брайм и дуней, и унагъуэмрэ и лэжьыгъэмрэ наIуэу уи нэгу къыщIэзыгъэхьэ сурэтхэр напэкIуэцIиблым щызэхэгъэуващ. Ахэр зыхуейт хуиГъэзащ Бицу Жаннэ.

«ЩIэджжыкIакIуэхэм я пащхьэ илъ тхылъыр хуэпхь хъунущ адыгэбзэм мащIэу фIэкIа иджыри къимыгъэсэбэпа, зы тхакIуэм и гъащIэмрэ гуащIэмрэ и лъэныкъуэ зыбжанэ къызэщIэзыубыдэ литературэ-мемориал кIыдзыкIыгъуэхэм, - щетх пэублэ псальэм тхьилъым и редактор, тхакIуэ, критик Къъуэлуфэ Хьэчим. - Ауэ апхуэдэ «тхьилъ-фэеплъхэр» зимымащIэ нэгъуэщI литературэхэм щапхъэ трех ди лъэпкъ литературэми, иужьрей зэманхэм апхуэдэхэр нэхъ къыдэкI хъуащ. Аращи, мы лжьыгъэр тхьилъ дапхъэм теззащэн хуейкъым».

«Иджыри сытету тхэн щIидзат Адэлбий, - етх литературэ критик Къэрмокъуэ Хьэмид. - Хуэм-хуэмурэ абы хуэзфIэкIащ зыми емыцых, нэгъуэщI-хуэм хэмыгъащэу тхэкIэ, хьэтI щыхьэу зэрифIэнэщын. Адыгэбзэр фIы дыдэу ищIэрт, ар нэрыльагъу тщIащ щIэхщIэхьурэ газетхэмрэ журналхэмрэ къытехуэу щыта и усэхэмрэ рассказхэмрэ. Адэлбий и усэхэм къыщеджэм КIыщокъуэ Алим жиIауэ щытащ: «Си къуэжэгъур жьыжь нэсынущ, ди литературэм ехьулIэныгъэ куэд щIиэну сохъуэхъу». Нэхъыжьхэр къызэрыщыгугъар игъэпэжащ Брайм: адыгэ литературэм хэлъхьэныгъэ хуищIащ. ЦIыхуфIт ди ныбжьэгъур, гушыIэрейт, пщIэ хуащIырт. Сыт хуэдэ къыкIыпэрытами, лэжьыгъэр фIыуэ зэрильагъэмкIэ, и гу къабзэгъэмрэ хьэлэлыгъэ



Адыгэ джэгу. *Сурэтыр 1809 гъэм ящIащ.*

● **ЩIалэгъуалэ зэпеуэ**

«АДЫГЭ ЩАУЭ-2019»

ЗЭПЕУЭР ЗЫХУЭГЪЭПСАР

- Адыгэ щауэм и нэмысым щIэблэр зэрыщыгъуазэр къэхутэн, адыгэ лъэпкъым зэрищIэблэр къагурыIуэрэ абы хуэфащэу псэуным къыхуеджэн;
- Адыгэ лъэпкъым и лъапIэныгъэхэм (адыгэбзэм, адыгэ хабзэм, тхыдэм, щIэнгъуазэм, щэнхабзэм, н.) я къарур зыхегъэщIэн, абыхэм дегъэхьэхын;
- Лъэпкъым къигъэщIа щэнхабзэм и дахагъыр зыхегъэщIэн;
- Лъэпкъыпсэ-хэкупсэу щIэблэр гъэсэн.

ЗЭПЕУЭМ И КЪАЛЭН НЭХЪЫЩХЬЭХЭР

- Адыгэр зэфIэкI лъагэ зиIэ лъэпкъыу къыззтенэнымкIэ абы и лъапIэныгъэхэм я мыхьэнэм щIэблэр щIэпIыкIыныр;
- Адыгэ щауэм хэлъын хуей хьэлщэн дахэхэмрэ иIэн хуей зэфIэкIхэмрэ зэпеуэм хэтхэм къегъэгъэнэIуэныр;
- Адыгэ лъэпкъым и лъапIэныгъэхэм (адыгэбзэм, адыгэ хабзэм, тхыдэм, гъуазджэм, щэнхабзэм, щIэнгъуазэм, н. къ.) хищIыкIыр къэпщытэныр.

«АДЫГЭ ЩАУЭ» ЗЭПЕУЭМ И КЪЫЗЭГЪЭПЭЩАКIУЭХЭР

●«Къэбэрдей Адыгэ Хасэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэр, «Адыгэ псалъэ» газетыр *(ХьэфыцIэ Мухьэмэд);*

●Налшык къалэ администрацэм щэнхабзэмкIэ и Iуэхущ1апIэр, Кэнжэ къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и уардзунэр *(Мамий Заретэ);*

●Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIалэгъуалэ парламентыр *(Сэрахьэ Алан);*

●«Шэрджэс Ренессанс» жылагъуэ зэгухьэныгъэр *(Жылэгъащтэ Хьэчим).*

«АДЫГЭ ЩАУЭ» ЗЭПЕУЭР ЗЭРЕКIУЭКIЫНУ ЩIЫКIЭР

- Зэпеуэм и яп1э екIуэкIыгъуэр бадзэуэгъуэ (июль) мазэм къуажэхэм къыщыщзэгъэпэщын;
- Зэпеуэм и етIуанэ екIуэкIыгъуэр шыщхьэIуэм (августым) КъБР-м и къалэхэмрэ щIыналъхэмрэ (районхэмрэ) щегъэкIуэкIын. Абы хэтынущ къуажэхэм текIуэныгъэ къыщызыхьахэр;
- Зэпеуэм и ещанэ екIуэкIыгъуэр фокIадэм (сентябрым) Налшык къалэ (Кэнжэ) къыщызэгъэпэщын. Республикэпсо зэхьэзэхуэм щызэпегъуэн щIыналъхэм, къалэхэм, щIалэгъуалэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, Iэщ1агъэ щрагъэгъуэт еджапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм, нэгъуэщI Iуэхущ1апIэхэми текIуэныгъэр къыщызыхьа щIалэхэр.

Республикэпсо зэпеуэр екIуэкIынущ фокIадэм и 19-м, Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэр щагъэлъапIэм ирихьэлIэу.

«Адыгэ щауэ» зэпеуэм хэт хъунущ зи ныбжьыр илъэс 20 - 28-рэ ирикъуа щIалэхэр.

«Адыгэ щауэ» зэхьэзэхуэм хэтынухэм тхыгъэкIэ хъыбар кърагъэщIэн (заявка), апхуэдэуи упщIэ зыбжанэм я жэуап кыратын хуейщ (анкета) зэпеуэр къызэгъэпэщынымрэ егъэкIуэкIынымкIэ жэуап зыхь гупым.

Зэпеуэр егъэкIуэкIынымкIэ жэуап зыхь гупыр:

- **Мамий Заретэ** - Кэнжэ къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм и унафэщI;
- **Битокъу Беслъэн** - Урысей Федерацэм гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ;
- **Хьэмокъуэ Олег** - режиссёр;
- **Щомахуэ Залинэ** - Къэбэрдей Адыгэ Хасэм жэуап зыхь и секретарь, тхакIуэ.

Зэпеуэр зэрекIуэкIынум, абы уэрыхэтынум теухуа упщIэхэм я жэуап щыгъуэтынущ къызэгъэпэщакIуэ гупым деж.

КъэпщытакIуэгупымхэтхэР:

1. **Битокъу Беслъэн** - Урысей Федерацэм гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ;
2. **Табыщ Мурат** - Iуэрыуатэдж, Адыгэбзэ хасэм и тхьэмадэ;
3. **Мэрзей Асльэнбэч** - тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат;
4. **Къудей Аслъэн** - Къэбэрдей Шуэй Хасэм и тхьэмадэ;
5. **Хьэмокъуэ Олег** - режиссёр;
6. **БатIитIэ Мухьэмэд** - Iэщ1агъэлI, уэрэджыIакIуэ;
7. **Сэрахьэ Алан** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIалэгъуалэ парламентым хэт;
8. **Жылэгъащтэ Хьэчим** - «Шэрджэс Ренессанс» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI;
9. **Битокъу Науркъан** - «Кабардинка» къэфакIуэ гупым и къэфакIуэ пажэ.

Зэпеуэм игъэув саугъэтхэр:
- «Адыгэ щауэ» - Гран-при;
- Яп1э увыпIэ;
- ЕтIуанэ увыпIэ;
- Ещанэ увыпIэ.

УнэтIыныгъэ щхьэхуэхэр:

I. «Си къежьапIэхэр» - утыкуихьэ (самопрезентация);

II. «Лъэпкъ гурыщIасэ» (творческий блок);

III. «ЩIэныгъэр акъылщ» зэпеуэ (викторина):
1.«Адыгэ хабзэ»;
2.«Адыгэ лъэпкъым и тхыдэ»;
3.Шыфэлыфэ.

IV. «АдыгэлIымрэ адыгэшымрэ» зэпеуэ;

V. «Адыгэ псалъэжьхэр» зэпеуэ;

VI. «Адыгэ хъуэхъу» (зэхуэзыщIыж хъуэхъу).

КъызэгъэпэщакIуэ гупым я хэщIапIэр:

Кэнжэ къуажэ, Колхоз уэрам, 15 «А», ЩэнхабзэмкIэ унэ.

Телефоныр: 8-903-492-57-57.

ЩэнхабзэмкIэ унэм къокIуалIэ 23-нэ маршрутыр.

ЗЭПЕУЭМ И УНЭТIЫНЫГЪЭХЭР:

I.«Си къежьапIэхэр» - дакъикъи 2.

Зэпеуэм хэтхэм зыкъызэрырагъэщIыху къэпсэлъэныгъэ, зытепсэлъыхьым теухуа сурэт, видео гъэлъэгъуэныгъэхэр игъусэу.

Мы унэтIыныгъэм щауэхэр кIэщIу щытепсэлъыхьын хуейщ:
- къызыхэкIа лъэпкъым, унагъуэм, къызытепщIыкIа лIакъуэхэм (7-нэ лIакъуэм нэс), абыхэм гулъытэ зыхуащI лъапIэныгъэхэм, езы щауэм къызыхэкIахэм я деж щихь жэуаплныгъэхэм;
- ягъуэта е зыхуеджэ Iэщ1агъэхэм;
- дзэзыхьэ Iуэхухэм.

Мы унэтIыныгъэм къыщалъытэнущ:

а) къэпсэлъэныгъэр гъэщIэгъуэн зэрищIа Iэмалхэр (оригинальность);

б) зэман мащIэм къриубыдэу куэдым уэрыщигъэгъуэзэн хэкIыпIэ хьэлэмэтхэр къыззригъуэтыфар (находчивость);

в) акъыл жаныгъэ къигъэлъэгъуар (смекалка);

г) хуиту адыгэбзэр къызэригъэIурыщIэфыр.

II. Лъэпкъ гурыщIасэ (творческий блок) - дакъикъи 2

Зэпеуэм хэт щIалэхэм я зэчийр къыщагъэлъагъуэ Iыхьэ.

Гурыщ1асэм и лIэужьыгъуэхэм ящыщу щауэхэр нэхъ дзэзыхьэхыр утыкум щагъэззэщIэн, я Iэзагъыр къыщагъэлъэгъуэн хуейщ.

Щауэхэм ягъусэу кьадэIэпыкъуэгъ утыку ит хъунущ, ягъэзащIэр ямыIэщIагъэмэ.

●Къъафэ (и цIэр къыжыIэн);

●Уэрэдыжь (лIыхъужь уэрэд).

III. «ЩIэныгъэр акъылщ» зэпеуэ. Дакъикъи 2.

Лъэпкъ и зыпкъ мыгъэкIуэдыныным теухуа мы Iыхьэр зэпеуэм хэт щауэхэм я щIэныгъэр здынэсыр зэрагъэунэху упщIэрэ лэжьыгъэу зэхэтщ.

УпщIэхэм къызэщIаубыдэ Iуэхугъуэхэр:

1. Адыгэ хабзэ
- унагъуэм ехьэлIа хабзэ;
- лъэпкъым ехьэлIа хабзэ;
- нэхъыжьым ехьэлIа хабзэ;
- бзылъхугъэм ехьэлIа хабзэ;
- сабий гъэсэным ехьэлIа хабзэ (пхъу, къуэ);
- хьэгъуэлIыгъуэм ехьэлIа хабзэ;
- гущэхэпхэм ехьэлIа хабзэ;
- лъэтеувэм ехьэлIа хабзэ;
- къуейплъыжькIэрыщIэм ехьэлIа хабзэ;
- нэщхъеягъуэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэр;
- гъуэгуанэм ехьэлIа хабзэ;
- гуп хыхьэным, гуп хэтыным ехьэлIа хабзэхэр;
- адыгэ Iэнэм ехьэлIа хабзэ.

2. Адыгэ лъэпкъым и тхыдэ

а) нарт Iуэрыуатэм къыхэщ лIыхъужьхэм я хъыбархэр: **дакъикъи 2.**
- Сосрыкъуэ;
- Бэдынокъуэ;
- Ашэмэз;
- Батэрэз;
- Лъэпщ;
- Уэзырмэс;
- Мэлычыпхъу;
- Сэтэней;
- КъуийцыкIу;
- Щэуей;
- Iэдииху;
- Дахэнагъуэ.

б) адыгэ лъэпкъым и тхыдэм и напэкIуэцIхэр: **дакъикъи 2.**
- адыгэ къэралыгъуэхэр;
- адыгэ пащтыхьхэр;
- курыт лIэщIыгъуэхэм адыгэхэм я псэукIар;
- Урыс-Кавказ зауэ;
- ИстамбылакIуэI;
- хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэр;
- лъэпкъым и иджырей тхыдэр (XX лIэщIыгъуэ).

в) тхыдэм щыщ лIыхъужь уэрэджьхэр зэпкърыхьын (здэIуам тепсэлъыхьын - зыусар, щIаусар...) - **дакъикъи 2.**

- «Нартыжь уэрэд»;
- «Уэзы Мурат»;
- «Сэнджэлей»;
- «Андемыркъан»;
- «Дамэлей и уэрэд»;
- «Щолэхъу и уэрэд»;
- «Бахъшысэрей зекIуэм и уэрэд»;
- «Темрокъуэ ЛIыхъу и уэрэд»;
- «Шэджэмокъуэ Хьэсанш»;
- «Къэбэрдей жэщтеуэм и уэрэд».

3. ШыфэлIыфэ

а) Iэщэ-фащэм и зэхэлъыкIэр (пкъыгъуэхэр), мыхьэнэр - **1 дакъикъэ**.

- щIакIуэ;
- пыIэ;
- цей;
- джанэ;
- хьэзыр;
- къамэ;
- бгырыпх;
- щхьэрхъуэн;
- джатэ;
- сэшхуэ.

б) шы Iэпслъэпс, абы и мыхьэнэр - **1 дакъикъэ**.
- шхуэ;
- шхуэIу;
- шыбгъэIулъ;
- шыныбэпх;
- нахъутэ;
- уанэ;
- лъэрыгъ;
- щIопщ, къамышы;
- шыгъэцIыв;
- IумпIэ.

IV. Шым, лIыгъэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэр (видеоматериал - унэ лэжьыгъэ) - дакъикъи 3.

- адыгэш лъэпкъхэр;
- адыгэш щIэрыIуэхэр;
- уанэ телъхьэн;
- шым шэсын, гъуэгуанэ зэпычын.

(Видеом къыщыгъэлъэгъуэн: шы фащэм и пкъыгъуэхэр, абыхэм я фIэщIыгъэр жаIэурэ шыр зекIуэм хуэзащIэуэздэн - уанэ телъхьэн, шым шэсын, гъуэгуанэ зэпычын, шымрэ шумрэ я гъуэгуанэ хабзэхэр гъэзащIэурэ).

V. Псалъэжьхэр зэпегъэуэн:
- «Псалъэжьныбэ» - хэт нэхъыбэ ищIэрэ? (къэувыIэр хэкIыу);
- псалъэжь щхьэхуэхэм я мыхьэнэр къэIуэтэн (зымыщIэр хэкIыу);
- къыхалъхьа псалъэжьыр и кIэм нэгъэсыжын.

VI. Зэхуэзыщ1ыж хъуэхъу - 1 дакъикъэ.

Хъуэхъур теухуауэ щытын хуейщ «Адыгэ щауэ» зэпеуэм.

Гу зылъытапхъэ:

- КъызэгъэпэщакIуэхэм хуитыныгъэ яIэщ зэпеуэм зэхъуэкIыныгъэ халъхьэну.
- Зэпеуэм хэтхэм Iэмал имыIэу адыгэ фащэ ящытгъын хуейщ.

Олимп чемпион Къардэн Мурат. *2000 гъэ*

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

«Адыгэ псалъэм» и гъэсэнхэр

Хабзэ хъуауэ, «Адыгэ псалъэ» газетым илъэс къэс щолажьэ КъБКъУ-м и Социально-филологие институтым и адыгабзэмкІэ литературэмкІэ и къудамэм и студент гуп. Редакцэм практикэ кэкІуа гупым журналист Іэщ1агъэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэм зыщагъэгъуазэ.

Мы гъэм редакцэм практикэ кьштхуэкІуащ институтым и 4-нэ курсымрэ магистратурэм и 1-нэ курсымрэ къэзыухэр. Псори зэхэту ахэр цІыху 23-рэ мэхъу. А студентхэр тхэным зэрыдгъэхэмкІ къыхэкІыу, журналистикэуэ и щхьэхэм ди дежи щагъэгъуазэ зыщыхуащ, щыхуэхэм яхуозэ, зэІущІэхэм макІуэри я тхыгъэхэр редакцэм кърахьлІэж.

Я къалэмым и зэфІэкІхэри ягъэнэхун и пэкІ, студентхэм яхузэщ «Адыгэ псалъэм» и редактор нэхъыщхьэ ХьэфІыцІэ Мухьэмэд икІи ныбжьыщІэхэм псалъэмакъ щхьэпэ ядриГъэкІуэкІащ. Апхуэдэу ахэр кІэпыпІъащ газетыр зэращ щІыкІэм, корректорхэм я Іуэху зехьэкІэм, редакцэм лэжьыгъэр зэрыщытэгъуэвам. Нобэ ди газетым тыдодзэ практикантхэм я тхыгъэхэм щыщхэр икІи дохъуэхъу къыхах Іэщ1агъэм куэдрэ ирилэжьэну, насыпрэ ехъулІэныгъэрэ яІэну.

Мы къыдэкІыгъуэм зи тхыгъэ темыхуа ныбжьыщІэхэм я лэжьыгъэхэр газетым дяпэкІи тетынущ, «Адыгэ псалъэм» и гъэсэнхэр» рубрикэм щІэту.

ЖЫЛАСЭ Маритэ,
«Адыгэ псалъэ» газетым егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и къудамэм и унафэщІ.

● Дэ къытхуатх

Си гъуэгугъэлъагъуэ

Си тхыгъэ кІэщІым фІэщыгъэ хуэсщІа псалъэхэр куэдрэ хужаІэ си анэ Іэхъуэбэч Маринэ Хьэсэн и пхъум. Ар медсестрауэ щолажьэ Налшык дэт республикэ клиникэ сымаджэщым псантхуэм епха узыфэхэм щІеІэзэ и къудамэм. Зи Іэнатіэр псэ хьэлэлу езыхьэкІ цІыху гумызагъэм къыхуэарэзыщ къудамэм и унафэщІэхэм, къыдэлажьэхэри, сымаджэхэри.

ИлъэС 40-м нэсащ Маринэ я Іэщ1агъэм зэрыпилажьэри, ауэ зэи къэхъуакъым ар абы щы-Іэщ1эжьэгъуэ, гуемыІуу щытепсэлъыхьа. Хэбгъэзыхьмэ, сымаджэхэм нэхъ яхузнабдзэгубдзапІъэ, тэмакъкІыхь, щабэ яхуэхъуурэ макІуэ. И нэІэм щІэтхэр инсулт узыфэр къызэуэлІаэращ. Абыхэм яхэтщ езырезыру мышхэр, зи бзэр ныкъуэ хъуа, зи Іэпкъ-лъэпкъыр къызэмыдэлуэж. А псори пльри лъагэу зэрыдзуейм къыхокІ. Мамэ зэрыжиІэмкІэ, абыхэм гу зэІуахэр псэ къабзэкІэ уаэхтын хуейщ, уз къызэІэ дэтхэнэми хуэдэу.

Сэ къысхуихуащ си анэм и Іуэху зехьэкІэм сыкІэлъыплъыну. ПІейтегиІэ, псынщІагъэ ямылей зэмылъу, Іэкіуэлакіуэ абы сымаджэхэм мастэхэр яхелъхьэ. Лэжьыгъэкіэ иІэ пщэрыльхь къалэнхэм къадэкІуэу, хузэфІокІ зэІэзэ цІыкухэм я гур фІы ищІын, псалъэ дахэхэр, Іэфіхэр яжриІэн. Маринэ щылажьэ къудамэм щымащІэжъым илъэс къэс тІэу-щэ кІыхьезыгъаззуэрэ ззщыгъэІэзэхэр. Абыхэм зэрыжаІэмкІэ, Іэнатіэм и дохутыр Іэзэхэмрэ Маринэ хуэдэ медсестра гумызагъэхэмрэ куэдкІэ я фІыгъэщ я щытыкІэр зэман кІэщІым кьриубыдэу нэхъыфІ хуэжьрэ бын унагъуэхэм зэрахьхьэжьыр.

Зи ныбжь хэкІуэтахэми нэхъ щІалэхэми бзэ хэха къахуэзыгъэпытэф медсестра Іэзэм сымаджэхэм фІыщІэ къыхуащІ. Мамэ теухуа апхуэдэ псалъэ гуапэ мызэ-мытІэу къыдехуащ ди республикэм къыщыдэкІ газетхэм.

Си гъащІэ щапхъэ, си гъэгугъэльагъуэ си анэм сохъуэхъу уэзышІзу, унагъуэ насыпрэ бын гуфІэгъэрэ щымыщІэу куэдрэ тхуэпсэуну, и Іэнатіэр зэпэщу ирихьэкІыну.

ЛЪЭПЩ-ІЭХЪУЭБЭЧ Алинэ,
КъБКъУ-м и студенткэ.

● Фэеплъ

Сыт нанэхэр щІэІэфІыр апхуэдизу?

Анэ лъагэныгъэм нэхърэ нэхъ ин, нэхъ хуабэ, нэхъ кІэншэ сыт щыІэ? «Быи», - жыпІэми ущыуэнухьыж. Дунейм гугъу ехьу кхъытрегъэхьэри, жэщ-махуэ имыІэу къепщІэхьэщІ, уимыгъаІуэу, угукъыдэмыжмэ, къо-Іэзэу, уигъашхэ-уихуапэу, узыхуэй ухуимыгъэныкъуэу. Анэм и Іэхэр къодэхэщІамэ, щынагъуэ псори пщхьэщыкІ къыпфІощІ, уи гур мэпсэху. Іэфіу уожей. Мы дуней псор къызэракІухьамэ, уи анэм хуэдэ ямыгъуэтын къыпфІощІ, урогушхуэ, уогуфІэ.

«АНЭР НЭМ хуэдэщ» - жеІэ псалъэжьым. Сыт апхуэдэу щІыжьитІэр? Нэр уимыІэмэ, уи Іащ1эр кІыфІыгъэщ, щІыІэщ, Іэфіыншэщ. Анэр уимыІэжми аращ...

Анэр апхуэдизу Іэфіщ. Анэшхуэщ? «Ярэби, си анэм нэхърэ нэхъыфІыж сыкъимыхуащ. Іуэрэ си нанэм?» - жысІэу сыщегупсыса куэдрэ си гъащІэм къыхэхуащ. Си анэшхуэ Хьэчим Марие (Люся) цІыху псэ хуабэт, Іущт, нэхут. Щапхъэ зытракт, куэдым чэнджэщэгъу яхуэхъурт.

Си нанэ... Сыту сыпхуэныкъуэ... ФІымрэ Іейм зхуэзхэзыухуэнщІыкІы, си къэкІуэнур дахэ хъуным щІэхъуэпсу псэуа си нанэ. Хъыбарыбзу уи гу щабэм куэдрэ сыхуозэщ иджы... ЗыщІыпІэкІэ укъыкъуэкІын сфІэщу, дыщ пщІантІэр къызэхьэзощІхьь.

Гъатхэ жыг тІэпІам теса уэсу, кьыстохьалъэ нанэншэ гъащІэр. Анэ сыкъэзылъхуам хуэдабзэу, зи псэр кьысщхьащІа си нанэ... Нэхулъэр къызэкІэщІитхъыхкІэ сызыдзэрэшрыфу щІта, ину сыбэуэн сышынэу зи хъыбарэхэм сыщІэдзэІу сыкъэхъуа си нанэ... Сыту сыпхуэныкъуэ, сыту сыпхуэзэшрэ. Уи псалъэхэр си гум щобауэ нобэми, уи чэнджэщэр кьысщхьэпэу сопсэу.

Нэхъыжь зыщІэмыс нэмыс щыпсэуркъым. Адэшхуэ, анэшхуэ, адэ, анэ... Ахэр дэсыхкІэ жьэгум псэ хэтщ. Ахэр зыщхьэщымыт щІэблэр щапхъэншэу къонэ. Щапхъэ зибэ щыуагъэ и мащІэщ. Аращи, хабзэрэ, щапхъэрэ, дахэрэ, гуапэрэ къыщыжьэр нэхъыжьым и дежщ. Іащ1эм игъэІуща нэхъыжь жьыщхэ махуэхэм я чэнджэщ ущІадэІуу щытмэщ, гукъеуэр мащІэрэ зэфІэкІыр куэду ущыпсэуфынур. Тхьэ заКъуэм сольэІу ди нэхъыжьыфІэхэр, щхьэмахуэхэр сытым щыгъуи куэду кьштщхьэщытыну, нэхъыщІэхэр абыхэм ящІідэІуфын, пщІэ яхуэзэщІын дыхъуну, ди адэ-анэхэр, адэшхуэ-анэшхуэхэр куэдрэ кьштщхьэщытыну, тхуигъэузынышэну, ягу демыуэу я жьауэ дыщІигъэтыну.

Дэтхэнэми, сфІощІ, си схуздэу нанэр ягъаГъуу. Мы усэ цІыкІри нанэхэм тыгъэ яхуэзощ.

Сыт нанэхэр щІэІэфІыр апхуэдизу?
Тщхьэщымытыжми, ноби сыхуозэш.
Сыдыхьэжамэ, гуфІэр нэхэм щІэзу,
КьысфІощІ иджыри къыщІэжьын
и пэш.
Сопсэу иджы, сыпэплъэу и лъэ макъ,
Зэхэсх къысфІэщІу, къохъур
сыкъыщыщкІэ.
Сыщ1эдэІун сыхуейщ и псалъэмакъ,
ЗынесшэкІауэ, щІыІэм сыкъисхуькІэ...
Іэ зэпъа цІыкІуэхэм щабэу ба яхуэсщІу,
Ар кьысхуэгуфІэу тІэкІу сыбГъэдэсынт,
Псалъэншэу лъагэныгъэр псэм
зыхищІэу,
Нэ гуапэ цІыкІуэхэм бэрэ
сыщІэпІъэнт...
Сыт нанэхэр щІэІэфІыр апхуэдизу?
Тщхьэщымытыжми, ноби сыхуозэш.
Сыдыхьэжамэ, гуфІэр нэхэм щІэзу,
КьысфІощІ иджыри къыщІэжьын
и пэш...

ДЗЭГЪАЩТЭ Ринэ,
КъБКъУ-м и студенткэ.

● Хъуэхъу

Къарэнашэ Марусэ Хьэджэрий и пхъур илъэс 85-рэ зэрырикъуамкІэ дохъуэхъу

Фіыуэ тлъагъу, зыпэтщІ щымыІэ ди анэ, анэшхуэ гумащІэ! Дынохъуэхъу уи ныбжьыр илъэс бжьыгъэ дахэ зэрырикъуамкІэ!

Уи зушыгъэр мыкІуэщІу, дзрэжэгъуэ уиІэу, гъащІэм и Іэфіыгъэ псори зыхэпщІэу, нанэ жьыщхьэ махуэ къыпхужаІэу куэдрэ укъытщхьэщытыну ди гуапэщ. Ильэсищэ ущыпсуэри дгъэлъэпІэну, дунейм тет фІыгъуэм ущымыщІэну Тхьэм жиІэ!

Уи бынхэмрэ къуэрылъху-пхъурылъхухэмрэ.

● Къэбардей-Балъкъэрым и цІыхубз усакІуэ

БИЦУ Анатолий, КъБР-м и цІыхубз усакІуэ

Уэзырат Тхьэм быну къызитар

Уэзырат сэ сиІар гурыфІыгъуэу,
Уэзырат Тхьэм быну къызитар.
Семыхъуапсэу зыми, семыфІыгъуэу
Сэ уэрат дунейм сыщІытетар.

Узгъэгушхуэрт - удэсхьейм угъущІэу,
Укъесхьэхым, ущыІутэу успІат.
Іэфі пщысщІыну - ззэу дыдж
мы гъащІэр
Усэ хэплъыхьакІэ згъэлъэпІат.

Аркъудейт уэ упсэуну щІэбдзэу,
Илъэс плЫщІым уебэкъуа къудейт.
Мы щІы фІыщІэу, цІыхур зэпщІам
бадзэу,
ХьэкІэкхъуэкІэр сыту щыкуэдІей!

ХьэкІэкхъуэкІэщ хужьпІэныр мащІэщ
Гъуанэдзэуэу уэ узыукІам.
Техуэн си гум, хуэмызэм хуэфащэм
Уи псэ хейр пІихыну зылъэкІар?!

Уи кІуэдыкІэ хъуам уэ сехь и бампІэм...
Яужь дыдэ псалъэу сыт жьпІат?
ХэкІрэт уи псэр,
Укъыздэжэу: «Папэ!»,
Пичрэт уи бзэр,
Къыдэпшейуэ: «Па-а!»?

Сыту хьэлъэ, сыту гугъу, гугъущэ
ЩІэлъхьэжыну уипкъ къикІа уи бын!
Ар и натІэ хъуакъым уянэ дыщэм,
Ищри уянэ... -
И насыпщ абы!

Согъэбыдэ, согъэбыдэ си гур... -
ТІэкІу сыпсэууэ, хуейщ къуэ
пхуэсщІэжьын.
КъыздиІыгъмэ Къитым ди щхьэщыгум,
ГъащІэ тхьилъ ныкъуэтхми пысщэжьыщ.

А тхьилъ пІащэр теухуащ цІыху гъащІэм,
Си унагъэм, мы дуней уейпсейм.
Тельщи уи цІэр - си Іупэр мыгъущІэ.
Аращ тхэным сыщІыхуэнэпсейр.

Пхуэзуат сэ, укъалъхуа къудейуэ,
ФІыр зи плъапІэ гущэкъу уэрэд нэху.
Пхузоусыр ноби, сихьу гуаэм,
Гъыбзэм хуэзмыгъакІуэ уэрэд щэху.

Си уэрэдхэм дяпэкІэ хэтынур
Псалъэу дунейм тетым я нэхъ Іэфіщ.
Си уэрэдхэм дяпэкІэ щІэтынур
ЩІым макъамэу щыІум я нэхъыфІщ.

...Сопсэу нобэ, си къуэ, зэрыслъэкІкІэ.
СыпсэухукІэ уи цІэр сІурыльынщ.
Къэсу пІалъэр мы си псэр щыхэкІкІи
Сыноджэнщ сэ, жысІэу: «Си Алим!»

БжыгъэшхуэхэмкІэ зэпоуэ

● Футбол

Мы гъэм хуэдэу бжыгъэшхуэ дыдэ ядэ дызыщІрихьэлІа Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гъэмахуэ чемпионат щыІауэ къэщІэжьыгъуейщ. Зэхьэзэхуэм пашэныгъэр щызыІыгъэр я хьэрхуэрэгъуэрэр бжыгъэшхуэкІэ хэгъэщІэныкІэ зэпеуэу фІэкІа пщІэнкъым.

КУЭД щІакъым Къэхун и «Керт»-м «Нартанымрэ» «Псыкуэдымрэ» зэкІэлъхьэжьу 10:0-у зэрыхигъащІэрэ. НэхъапэжкІэ псыкуэдзэсхэм апхуэдэ дыдэ бжыгъэкІэ къатекІуащ «Автозапчасть»-р. Мыгъэрей зэхьэзэхуэм бжыгъэ нэхъ ин дыдэ здэщыІар Джылахъэтэней щІыналъэращ: «Тэрчым» и хьэщІа, мыхьыр зрагъэхь «Псыкуэдыр» 12:1-уэ ягъэлъэхъшащ.

БжыгъэшІ зэгуэтым Іуэхур щынэблагъат иужьу Нарткъалэ щекІуэкІа зэІущІэм. Куэд щІэхъуэпсат абы и «Нартыр» къыхуэкІуа «Автозапчасть»-м хуэфащэну еныкъуэкъуну. Арщхьэкіэ джэгуГуэу блэкІам пашэныгъэр зыІфІэкІуэда хьэщІэхэр убыдыгуфІ. Бахъсэндзэхэр 9:0-у текІуащ. Абыхэм я пашэ Бэчбо Мурат а зэІущІэм топиплІ щыдигъэкІащ икІи «Малка»-м щыщ, гуащьхьауэхэм я зэпеуэм щихьэрхуэргъэну нэхъыщхьэ ШащІэ Бесльэн зыщІыхьэжащ. Иджы а тІури мы гъэм зэхуэдизрэ, 21-рэ, кьыхэжаныкІащ.

Зэхьэзэхуэм щыпашэ гупым зэрыхэтщ зи чэзу текІуэныгъэхэр зыІэрызыгъэхьаэху «Энергетик»-мрэ «Тэрчымрэ». Етхуанэ уныпІэм иджыпсту щыт «ХьэтІохъуащхьэкІэ» зыбжыкІэ ящІэ «Спартак-Д» (Налшык) - **«Нартан»** (Нартан) - **3:0**.

Тхьэмахуэ блокІам зэхэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и кубокыр къэхьыным ипкъ иткІэ екІуэкІ зэкьэззэхуэм и зи чэзу зэІущІэхэр. Абыхэм наІуэ щыхъащ финалым и Іыхьэ планэм щызэпэщІэтынхэр. Ахэр «Тэрч» - «ХьэтІохъущыкъуей», «Нарт» - «Энергетик», «Налшык» - «ЛогоВАЗ», «Автозапчасть» - «Керт» командэхэращ. Адэкіэ зэхьэзэхуэрэ гъэзэрыгъуэрэ я стадионхэм щызэздзэжгъунущ икІи а зэІущІитІым щынэхъ льэщхэр финал ныкъуэм кІэынущ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм 2019 гъэм зэхьэзэхуэр зэрыщІэкІуэкІыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Керт»	10	10	0	0	50-8	30
2. «Автозапчасть»	10	9	1	0	61-7	28
3. «Энергетик»	10	9	1	0	40-11	28
4. «Тэрч»	11	9	1	1	34-11	28
5. «ХьэтІохъущыкъуей»	12	6	1	5	23-25	19
6. «Малка»	11	5	2	4	32-25	17
7. «Спартак-Д»	10	4	2	4	15-15	14
8. «Нарт»	11	4	2	5	22-31	14
9. «Акъбащ»	11	3	2	6	19-34	11
10. «Испъэмей»	9	2	3	4	17-20	9
11. «Налшык»	9	2	3	4	18-25	9
12. «Родник»	11	2	1	8	11-34	7
13. «ЛогоВАЗ»	10	2	0	8	15-29	6
14. «Къундетей»	9	2	0	7	15-35	6
15. «Псыкуэд»	11	1	3	7	14-51	6
16. «Нартан»	9	1	0	8	11-36	3

● Ди псэлъэгъуэхэр

ХЬЭГЪУНДОКЪУЭ Елдар:

Си къалэнхэм я нэхъыщхьэр щІэблэр хэкупсэу згъэсэнырщ

***КъыщІэхъуэ щІэблэр псэукІэ узыншэм, спортымрэ физическэ щэнхабзэмрэ хуэущиныж мыхьэнэшхуэ иІэщ. Псом хуэдэжкъым а къалэныр мы зэманым - хъыбарегъащІэ Іэмэпсымэхэм заужьауэ псори Интернетымрэ телефонымрэ «къымыкІыу щис» лъэхъэнэм. Иорданием щыщ адыгэ щІалэ Хьэгъундокъуэ Елдар КъБКъУ-м спортымкІэ факультетыр къиухащ. Илъэситху ипэкІэ Налшык къэзІэпхъуащ и унагъуэр и гуэсэу. А зэманым хэрийубыдэу ныбжьыщІэхэр куэд спортым хуигъэсащ, нобэр къыздэсми абы и лъэныкъуэкІэ щІэблэм іэжьыгъэшхуэ ягъэбгъуэкІ икІи и гъэсэнхэм къахэкІащ ехъулІэныгъэфІхэр зыІэрызыгъэхьахэр.*

Адэжь Хэкум и Іуэху зэрыщыщІыкІымрэ и лэжьыгъэмрэ тедгъэпсэлъхьыныну иджыблагъэ зыхуэдгъэзащ Хьэгъундокъуэм.

- Елдар, сыт хуэдэ ныбжьым уитт спортым ущыдихьэхам? Хэт абы ухуэзыунэІар?

- Япэ дыдэу спортым сыдихьэхыу сыкІуэн щыщІэздзар илъэсийращ. Абы щыгъуэ хъафэми сыкІуэрт. ПІури хуабжьу сигу ирихьыри, зэманым схуиригъэкъуртэ зэманым. Сахэдзн уэрэд щыхьум, спортыр къыхэсхуэ щытащ. АбыкІэ чэнджэщ къызитащ си адэм. Апхуэдэ си хэхьыныгъэми зы махуи сыхущІегъуэжакъым.

Си адэ-анэм зы махуэ къыспаубыдакъым къыхэсха Іэщ1агъэр, къыздэІэпыкъуа фІэкІа. Абыхэм куэду фІыщІэ яхузощІ, си хъуэпсапІэр кьызэрыздаІыгъам щхьэкІэ. Абыкіэ Іэщ1агъэ щызэхэтэгъуэтащ адджь Хэкум. Ари фІыгъуэщхуэщ си дежкІэ: ди адэжьхэр щыпсэуа, абыхэм я лъэр зытеува щыІпІэм сэри сыщыІэнщ.

Спортыр дахэщ, гъэсэныгъэ, бэшэчагъ сабийхэм яхелъхьэ. Хуабжьу сфІэфІу садолажьэ ныбжьыщІэхэм. Адрей спортр лІэужьыкъуэгъэ Іейщ схужьІэныкъым, ауэ тхэкнодун хуэдэ яхэмыту кьысщохьу.

- УзыщІэхъуэпс Іэщ1агъэмкІэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ зэбгъэгъуэта нэужь, хэт сэбэп кьыпхъуэхъуа лэжьыгъэм ухашэныкІэ?

- Хуабжьу сэбэпышхуэ кьыхсухэзыащ, ноби аращ КъБР-м тхэкнодомкІэ и тренер нэхъыщхьэ Ахъмэт Амир. Илъэс зыбжанэ ипэкІэ абырэ сэрэ дызэрыгъэцІыхуэрэ щытащ тренеру лэжьа Балэ Асльэнбий. Си лэжьыгъэр си гум дохьэ, си гъащІэм увыпІэ лъагэ щыибудыу жыпІэ хъунущ. Си мурадщ адэкІи сабийхэр мы спортыр лІэужьыгъуэм хуэзгъасэу, дезгъэхьэныу сылэжьынщ.

- Сыт хуэдэ ехъулІэныгъэхэр щызэвгъэгъуэта уэри уи гъэсэнхэми мы спорт лІэужьыгъуэм?

- Еджэныр къэзухыу сыкъащащІахуэ Иорданием сыщыкІуэжам щыгъуэ, абы кьыщыІэзрагъэпэща зэхьэзэхуэхэм щэнейрэ чемпион сыщыхьащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым къэзгъэзэжу лэжьэн щІэздза нэужь, си гъэсэнхэм куэдрэ сагъэгушхуащ. Абыхэм ехьулІэныгъэфІхэр кьыщагъэльагъуэ республикэ, урысейпсо, европэ зэхьэзэхуэхэм, япэ увыпІэхэри мызэ-мытІэу кьыщащхьащ. Дыщогугъ абыхэм Олимп чемпионхэр къахэкІыну, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Урысей Федерацэм я щІэхэр фІыкІэ зыгъэІун, я пщІэр къэзыІэтын щІалэгъуаІэ диІну.

Нэгъэущ1 ехьулІэныгъэхэри диІэщ, ауэ си дежкІэ псом нэхъыр нэхъыщхьэр сабийхэр мы спорт лІэужьыгъуэм дезгъэзыхьэныр, гъэсэныгъэ ябгъэдэслъхьэфрэ гъащІэм увыпІэ щагъэуэтыныр. Абы нэхъыр нэхъыфІ щІэуэ сщІэркъым. А псомэ я щхьэжьщ къытщІэхьуэ щІэбгъэ я Хэкур фІыуэ яльагъуу, нэхъыжьхэм, я адэ-анэм пщІэ хуащІу згъэсэфмэ. Аращ къалэн нэхъыщхьэ дыдэу къэсольэтр.

- Упсэу, Елдар! Уэ пхуэдэ хэкупсэ нэхъыжьыр зи гъуэгугъэльагъуэ ныбжьыщІэхэр фІы дыдэ хъун хуейщ.

Епсэльар
КъБКъУ-м и студенткэ
ЛІУП Радимэщ.

● Хьэдэ

БИЦУ Анатолий, КъБР-м и цІыхубз усакІуэ

Уэзырат Тхьэм быну къызитар

Уэзырат сэ сиІар гурыфІыгъуэу,
Уэзырат Тхьэм быну къызитар.
Семыхъуапсэу зыми, семыфІыгъуэу
Сэ уэрат дунейм сыщІытетар.

Узгъэгушхуэрт - удэсхьейм угъущІэу,
Укъесхьэхым, ущыІутэу успІат.
Іэфі пщысщІыну - ззэу дыдж
мы гъащІэр
Усэ хэплъыхьакІэ згъэлъэпІат.

Аркъудейт уэ упсэуну щІэбдзэу,
Илъэс плЫщІым уебэкъуа къудейт.
Мы щІы фІыщІэу, цІыхур зэпщІам
бадзэу,
ХьэкІэкхъуэкІэр сыту щыкуэдІей!

ХьэкІэкхъуэкІэщ хужьпІэныр мащІэщ
Гъуанэдзэуэу уэ узыукІам.
Техуэн си гум, хуэмызэм хуэфащэм
Уи псэ хейр пІихыну зылъэкІар?!

Уи кІуэдыкІэ хъуам уэ сехь и бампІэм...
Яужь дыдэ псалъэу сыт жьпІат?
ХэкІрэт уи псэр,
Укъыздэжэу: «Папэ!»,
Пичрэт уи бзэр,
Къыдэпшейуэ: «Па-а!»?

Сыту хьэлъэ, сыту гугъу, гугъущэ
ЩІэлъхьэжыну уипкъ къикІа уи бын!
Ар и натІэ хъуакъым уянэ дыщэм,
Ищри уянэ... -
И насыпщ абы!

Согъэбыдэ, согъэбыдэ си гур... -
ТІэкІу сыпсэууэ, хуейщ къуэ
пхуэсщІэжьын.
КъыздиІыгъмэ Къитым ди щхьэщыгум,
ГъащІэ тхьилъ ныкъуэтхми пысщэжьыщ.

А тхьилъ пІащэр теухуащ цІыху гъащІэм,
Си унагъэм, мы дуней уейпсейм.
Тельщи уи цІэр - си Іупэр мыгъущІэ.
Аращ тхэным сыщІыхуэнэпсейр.

Пхуэзуат сэ, укъалъхуа къудейуэ,
ФІыр зи плъапІэ гущэкъу уэрэд нэху.
Пхузоусыр ноби, сихьу гуаэм,
Гъыбзэм хуэзмыгъакІуэ уэрэд щэху.

Си уэрэдхэм дяпэкІэ хэтынур
Псалъэу дунейм тетым я нэхъ Іэфіщ.
Си уэрэдхэм дяпэкІэ щІэтынур
ЩІым макъамэу щыІум я нэхъыфІщ.

...Сопсэу нобэ, си къуэ, зэрыслъэкІкІэ.
СыпсэухукІэ уи цІэр сІурыльынщ.
Къэсу пІалъэр мы си псэр щыхэкІкІи
Сыноджэнщ сэ, жысІэу: «Си Алим!»

Европэм и Кубокым щІэбэну

● Дзюдо

Оренбург дэт «Оренбуржье» спорт комплексым щекІуэкІащ дзюдомкІэ Европэм и Кубокыр къэхьыным ехьэлІауэ 2005 - 2006, 2007 - 2008 гъэхэм къалъхуахэм я зэхьэзэхуэ.

ЗЭПЕУЭМ хэтащ Урысейм и къалэ 41-м, Къэзахстаным, Таджикистаным, Кыргызстаным, Куржым, Азербайджаным кьикІа спортсмен 500-м щІигу.

2005 - 2006 гъэхэм къалъхуахэм я гупым щыбэна хьэлъагъым япэ увыпІэр щиубыдащ Кыргыкъу Астемыр. Кьущъхэ Тамерлан етІуанэщ, Шыгуфэ Артуррэ Бесльэней Идаррэ жэз медалэр къахьащ.

2007 - 2008 гъэхэм къалъхуахэм я деж дыщэ медалыр щызыІэригъэхьащ Бесльэней Дамир.

Спортменхэр ягъасэ Урысейм спортымкІэ и мастер Иванов Дмитрийрэ Апхуд Анзоррэ.

МЭЗКУУ Къанщобий.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и игъэІэн, и къудамэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къудамэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къудамэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщ1эпхьэщ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Иэ.**



Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр **360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5**

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къудамэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; узышІагъэмрэ щІыуэпсыр хъуэныкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; суэрэттехэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм щыпсыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъыкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъуэныкъуэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

12+

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэм: жэуап зыхь секретарь **Къаншокъуэ Эллэ,** *редактору* **Жыласэ Заурбэч,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(3, 4-нэ нап.), КомпьютерКІэ газетым и тепльэр ящІащ* **Дол Маринэ, Бещто Оксанэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанизщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 1.943 ● Заказ №583